

BAGAY POU SONJE

Soti ak zanmi ou yo otank posib— eseye pa vini yon solitè. Genyen “Sekirite nan Kantite.” Plis gen moun mwens gen chans pou yo entimide w.

Pran yon pozisyon kont entimidatè-a, epi ede lòt ki anba entimidasyon –di entimidatè-a ke konpòtman li pa akseptab e pa bon.

Mande èd nan men yon fanmi, profesè oswa yon ofisye polis.

Pa parèt tankou yon victim. Mache ak konfyans, gade moun nan je epi kenbe tèt ou w .

Jwe espò, rantre nan yon klib, patisipe nan aktivite jèn nan lekòl la oswa legliz

Toujou la pou zanmi ak lòt moun ki anba entimidasyon - chita tande pwoblem yo.

Bagay ki pi enpòtan

“pa tounen yon entimidatè (bully)”



Misyon Depatman pou prevansyon krim nan biwo cherif konte Palm Beach la se pou diminye krim nan kominote komèsyal epi rezidansyèl nan travay tèt ansanm nan panetarya epi nan diferan estrateji, teknik ak pwogram dinamik.

Nimewo telefòn enpòtan:

Nimewo telefòn prensipal: (561) 688-3000

Nimewo telefòn pou sitiyasyon ki pa ijan:

Zòn sid nan konte a (561) 995-2800

Zòn nò nan konte a (561) 688-3000

Zòn wès nan konte a (561) 996-1670

IJANS 911

Si w bezwen enfòmasyon siplèmantè se pou w pran kontak avèk Palm Beach County Sheriff's Office Crime Prevention Unit
1937 N Military Trail, Suite-Q
West Palm Beach, Florida 33409
(561) 688-3970

Imel : CrimePrevention@pbso.org



PREVANSYON KONT ENTIMIDASYON (BULLY)



Nivo pwoblèm entimidasyon an ogmante nan kat lane ki sot pase yo. Enfòmasyon ke nou bay la-a la pou ede tinedjè ak timoun piti pou yo pa tounen pwochèn victim.


Biwo Sherif nan Konte Palm Beach
Ric L. Bradshaw, Sherif

Nan kat lane ki sòt pase yo, nivo entimidasyon (bullying) ogmante.

Lwa 1006.147 Eta Florid la defini "Bullying" kòm lè ou ta enflije blesi fizik sistematik ak kwonik oswa abi sikolojik a youn oswa plizyè elèv e kapab enplike sa yo: takinen a; eksklizyon sosyal; menas; entimidasyon; pèsèkizyon; vyolans fizik; vòl; , arasman seksyèl, relijye, oswa rasyal ; imilyasyon piblik; oswa destriksyon pwopriyete.

Pafwa entimidatè yo ap fè fas ak sitiyasyon difisil nan lavi yo ki lakòz yo pase kòlè yo sou lòt moun. Entimidatè yo pa reyalize ki jan sa fè lòt moun mal. Gen kèk ki konnen mal yo fè paske yo te entimide yo oswa abize yo. Sa a se konpòtman nòmal paske lavi fanmi yo konsiste de kòlè, pale byen fò ak jouman. Yon entimidatè pa gen anpil oswa pa gen estim pwòp tèt li di tou.


Kèlkeswa pwoblèm nan nan lavi yo, yo fwistije lòt moun yo kòm yon fason pou fè fas ak pwoblèm lan. Yo bezwen yon viktim; yon moun ki parèt pi fèb fizikman oswa emosyonèlman. Lè yo vize jan de moun sa yo senti yo gen kontwòl, lòt moun aksepte yo ki fè yo santi yo enpòtan. Entimidatè (bullies) vini sou tout fòm, gwosè ak laj.



Men kèk konsèy sekirite pou swiv:

Kòlè – Eseye pa montre ke ou fache. Si ou montre ke ou fache li ap sèlman fè bagay yo pi mal, epi entimidatè a (bully) ap konnen ke li gen kontwòl sou ou.

Defann tèt ou – Evite sèvi ak fòs fizik tank-ou pouse, choute, oswa frape. Sa a montre ke ou fache. Lè ou defann tèt ou avèk fòs fizik, ou ka pa janm asire w de ki kalite repons ou pral jwenn sou bò entimidatè a. Kidonk, fè atansyon epi pa itilize fòs fizik.



Mache lwen yo – Kanpe fèm, kwè nan tèt ou epi mache lwen yo, inyore remak ke entimidatè a fè. Pou yon entimidatè rive reyisi yo bezwen yon reyaksyon nan men ou. Lè ou mache lwen yo, w ap di entimidatè a ke sa pa aji sou ou. Si ou fè sa souvan, ap rive yon lè kote entimidatè-a ap sispann anmède w.



Fè komik – Sèvi ak sans komik ou ede lè w ap fè fas ak yon sitiyasyon kote ou pa kapab mache ale. Di yon bagay komik sou tèt ou oswa bay yon blag, pafwa sa a pral bayo a reflechi epi yo va kite ou anrepo. Sonje pa pran plezi sou tèt entimidatè a .

Sipò – Chache èd nan men yon paran, pwofesè, ofisye ki fè respekte lalwa, yon moun ou ka pale ak li sou sa ki fèw pè ansanm ak fristrasyon w yo. Toujou gen yon moun ki ka ofri sipò pou ede ou fè fas avèk pwoblèm nan. Pa kenbe l' anndan w nan espwa ke li va disparèt oswa ke entimidatè a ap sispann paske se pa vre.

Sistèm Gwoup Zanmi (Budy System) – Devlope yon gwoup zanmi ki va ede w ansanm ak lòt moun pou pran pozisyon kont entimidatè a. Sonje entimidatè a vle ke yo rekonèt li e vle gen kontwòl sou lòt moun yo. Lè wap rankontre ak zanmi oswa si ou wè yon moun ki anba entimidasyon, di entimidatè a ke konpòtman li pa akseptab e ke li pa bon pou lè lap trete moun konsa. Lè ou pale kont entimidatè a, li bay lòt moun konfyans nan tèt yo pou fè menm jan avèk ou epi pran pozisyon tou. "Sonje pou fsa ak pran yon kanpe tou. "Sonje dwe fè atansyon epi yo pa vin tounen yon entimidatè tou ou menm."